दिन–शनिवार दिनांक–05.10.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ पीएम किसान सम्मान निधि योजनाक अठारहम किस्तक राशि जारी कयलनि। श्री मोदी प्रत्यक्ष लाभ अंतरण द्वारा नओ करोड़ चालीस लाख सँ बेसी किसान सभक बैंक खाता मे दू–दू हजार टाकाक राशि देलनि अछि। अठारहम किस्तक रूप मे बीस हजार करोड़ टाकाक राशि किसान सभक बैंक खाता मे पठाओल गेल। एहि मौका पर श्री मोदी जनौलनि जे सरकार किसान सभक आमदनी बढ़ेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। ओ जनौलनि जे पछिला दस बरखक बीच केन्द्र सरकार द्वारा उठाओल गेल डेग सँ किसान सभक स्थिति बढ़िया भेल अछि। समारोह के केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान सेहो सम्बोधित कयलनि।

---

प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजना मे बिहारक छिहत्तरि लाख अठारह हजार सात सय चौरासी किसान लोकनिक बैंक खाता मे एक हजार पाँच सय बाईस करोड़ टाका पठाओल गेल। कृषि मंत्री मंगल पांडेय ई जनतब देलनि।

---

प्रदेश मे बाढ़िक स्थिति अखनहुँ विकट बनल अछि। बागमती आओर अधबारा समूहक नदिक जलस्तर बढ़ला सँ सीतामढ़ी आओर दरभंगा जिलाक कतेको नव–नव क्षेत्र बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। ओतहि, लखनदेई नदिक जलस्तर बढ़ला सँ सीतामढ़ी जिलाक बथनाहा, डुमरा आओर रून्नीसैदपुर प्रखंडक कतेको क्षेत्र जलमग्न भऽ गेल अछि। एम्हर, नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भेल बरखाक बाद कोसी आओर गंडक नदिक जलस्तर एक बेर फेर सँ बढ़ि सकैत अछि। नेपालक कोसी बराह क्षेत्र सँ पानि छोड़ल गेलाक बाद भागलपुर मे बाढ़िक खतरा एक बेर फेर बढ़ि गेल अछि। जल संसाधन विभाग कोनो स्थिति सँ निपटबाक लेल अपन अभियंता आ कर्मी सभ के अलर्ट पर रहबाक लेल जनौलक अछि। एम्हर, शिवहर

जिलाक तरियानी प्रखंड मे बागमती नदिक कटाव जारी अछि। सुपौल, सहरसा, कटिहार, पूर्णियां, पूर्वी चंपारण आओर पश्चिम चंपारण सहित कतेको जिला मे बाढ़िक स्थिति मे सुधार भेल अछि।

———————————————————————

कोसी आओर गंडक नदिक जलस्तर मे पछिला दिन भेल बेस बढ़ोतरीक बाद सरकार भीमनगर कोसी बराज आओर बाल्मिकीनगर गंडक बराजक जाँच करेबाक निर्णय कयलक अछि। जल संसाधन विभागक प्रधान सचिव संतोष कुमार मल्ल जनौलनि जे गंगा बाढ़ि नियंत्रण आयोग आओर जल संसाधन विभागक अधिकारी सभ के जाँच लेल सौंपल गेल अछि। जाँचक बीच ई देखल जायत जे जलस्तर बढ़ला सँ बराज मे कोनो क्षति तऽ नहि भेल अछि। संगहि, बराजक ओवर फ्लो करबाक जाँच सेहो कयल जायत। जाँच टीमक रिपोर्टक आधार पर सरकार आगूक कार्य योजना बनाओत।

———————————————————————

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष आओर राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री डॉक्टर दिलीप जायसवाल आइ सहरसा जिला मे बाढ़ि सँ तबाहिवला क्षेत्र जा कऽ जायजा लेलनि। ओ महिषी प्रखंडक गंडौल चौक पर बाढ़ि पीड़ित सभ लेल चलाओल जा रहल सामुदायिक भनसाघर आओर बाढ़ि राहत काजक जनतब लेलनि। एहि बीच, राज्यक पी.एच.ई.डी मंत्री निरज कुमार सिंह बबलू सेहो छलाह।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एशियन महिला हॉकी चैंपियनशिप ट्रॉफी दू हजार चौबीसक शुभंकर आओर लोगोक आइ अनावरण कयलनि। ई चैंपियनशिप एगारह सँ बीस नवम्बर धरि नालंदा जिलाक राजगीर मे नव बनल खेल स्टेडियम मे खेलल जायत।

———————————————————————

जदयूक नवगठित राज्य कार्यकारिणीक आइ पटना मे बैसक भेल। बैसार मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा

आओर प्रदेशक अध्यक्ष उमेश कुशवाहा सहित सभ सांसद आओर विधायक छलाह। सूत्र सँ भेटल जनतबक अनुसार बैसार मे अगिला बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ मुख्य रूप सँ चर्चा भेल। संगहि, बैसार मे पार्टीक विस्तार पर सेहो चर्चा कयल गेल।

---

भारतीय जन संघक संस्थापक सदस्य कैलाशपति मिश्रक जयंती पर आइ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। प्रदेश भाजपा कार्यालय मे भेल कार्यक्रम मे पार्टीक वरिष्ठ नेता आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आओर विधानसभा अध्यक्ष नन्द किशोर यादव हुनक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि।

---

शारदीय नवरात्रक आइ तेसर दिन माँ दुर्गाक चन्द्रघंटा स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे माँक ई स्वरूपक पूजा–अर्चना कयला सँ समस्त पाप आ बाधा दूर होयत अछि आओर सौम्यता आ निर्भयता बढ़ैत अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे मंदिर आओर शक्ति पीठ सभ मे भोरे सँ लोकसभ पूजा–अर्चना लेल आबि रहल छथि। कतेको पूजा पंडाल मे माँ दुर्गाक प्रतिमा के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। चहुँदिश माँ दुर्गाक मंत्र आओर भजन सुनल जा रहल अछि।

---

बालिका सभ मे गर्भाशय कैंसर सँ बचाव लेल विशेष टीका अभियान काल्हि सँ शुरू होयत। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय काल्हि आई.जी.आई.एम.एस परिसर मे आयोजित कार्यक्रम मे एच.पी.वी टीकाकरण कार्यक्रम शुरू करताह।

---

समाप्त